

Eksplòre Lòd Nimewo

1 Jwè



Laj 3+



2-5 min

OBJEKTIF

Timoun yo ranje Kat Konte ak Wè yo nan lòd ki kòrèk la, ak asistans si sa nesesè.

Sa a se premye etap nan jwèt Konte ak Wè yo. Lè w gade timoun yo k ap jwe jwèt sa a, sa ka ede w konnen bon nivo defi pou pwochen jwèt Konte ak Wè yo.

KAT POU UTILIZE

1-6 Kat konte ak wè pou chak jwè



VOKABILÈ

Pi piti
Pi wo
Pi ba
Pi gran
Nan lòd

KESYON

Kisa ou remake de kat yo?
Kisa ou remake de kantite pwen yo?
Kisa ou remake de chif ki ekri yo?

KÒMAN POU JWE

1. Melanje kat yo epi remèt yo bay timoun nan.
2. Poze kesyon sou kat yo:
“Kisa ou remake?”
“Èske ou wè nenpòt nimewo ke ou konnen?”
“Èske ou ka konte pwen yo? Konbyen pwen ki genyen?”

“Si gen 3 pwen sou kat la, ki nimewo ki sou kat la?”

3. Mande timoun nan pou l mete kat yo nan lòd soti nan 1 ak 6 (pi piti rive nan pi gwo). Note si timoun yo kapab mete kat yo nan lòd ki kòrèk la. Si yo pa fin sèten kisa lòd la ye, ou ka ede yo konte pwen yo pou konnen ki kote pou mete yo.



KONSÈY POU JWE

- Pale ak timoun yo sou estrateji yo: ki jan yo mete kat yo nan lòd? Gen kèk timoun ki ka mete yo nan lòd dapre chif ki ekri yo; gen lòt ki ka mete yo nan lòd dapre pwen yo (soti nan pi piti rive nan pi gwo).
- Si yon timoun poko pare pou mete kat 1–6 yo nan lòd, sèvi ak kat 1–3. Si yon timoun mete kat 1–6 nan lòd byen fasil, sèvi ak plis kat oswa ale nan yon lòt jwèt pandan w ap sèvi avèk kat sa yo.
- Pou timoun ki pare pou yon defi ki pi wo yo, oswa pou nenpòt timoun ki renmen wè chemen nimewo kat òdone yo kreye, sèvi ak kat 1–10 oswa kat 0–12. Gen kèk timoun ki ka mete kat sa yo nan lòd poukont yo, pandan ke gen lòt k’ ap pran plezi gade yon granmoun k ap mete nan lòd. Nan nenpòt fason an, ou ka poze kesyon tankou, “Kisa ou remake sou kat sa yo? Èske w rekonèt nenpòt nimewo?”
- Pou yon defi siplemantè, yon fwa kat yo nan lòd, mande timoun yo fèmen je yo pandan w ap retire youn nan kat yo. Gade si yo ka konnen ki kat ki manke a epi mande yo, “Ki jan ou fè konnen ki kat mwen te pran?”

KISA TIMOUN YO AP APRANN


- Pandan timoun yo eksplòre kat yo, gade si yo rekonèt chif yo. Èske yo asosye chif yo ak kantite

pwen yo? Aprann asosye yon mo nimerik ak nimewo ki ekri li yo ak kantite pwen ki matche se yon etap enpòtan nan konpreyansyon nimewo yo.

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Eksplòre Lòd Nimewo*.